

<b>Zòn ki gen Sèvis sa a:</b> Sèvis pou Biznis	<b>YALE NEW HAVEN HEALTH SYSTEM REGLEMAN AK PWOSEDI YO</b>
<b>Tit:</b> Regleman Pwogram Èd Finansye a	
<b>Dat apwobasyon an:</b> 20/09/2013	<b>Moun ki bay Apwobasyon an:</b> Konsèy Administrasyon YNHHS la
<b>Dat li antre an aplikasyon:</b> 20/09/2013 1/1/2017 Lawrence + Memorial Hospital ak Westerly Hospital	<b>Dat revizyon an te fèt:</b> 21/01/2015, 30/09/2016, 16/12/2016, 1/06/2017, 15/07/2018, 15/06/2020, 27/01/2021
<b>Distribisyon:</b> Responsab pou Regleman MCN nan	<b>Tip Regleman (I oswa II):</b> Tip I.
<b>Anile epi Ranplase:</b> Pwogram Èd Finansye pou Sèvis Lopital (NC:F-4) nan Yale New Haven Hospital Pwogram Èd Finansye pou Sèvis Lopital (9-13) nan Bridgeport Hospital Pwogram Èd Finansye pou Sèvis Lopital nan Greenwich Hospital Lawrence + Memorial Hospital ak Westerly Hospital Charity Care, Asistans Finansye, Règleman Fon Kabann Gratis	

## OBJEKTIF

Yale New Haven Health (Yale New Haven, (YNHHS) pran angajman pou li founi swen medikal ki nesesè nan ofri Èd finansyè pou moun ki kalifye pou sa ki nan bezwen. Objektif Regleman Èd Finansyè sa a (“FAP”) se pou:

1. Eksplike ki èd finansye ki disponib nan kad FAP a;
2. Dekri ki moun ki kalifye pou èd finansye ak ki jan pou yo aplike;
3. Dekri kijan yo kalkile kòb malad la ap peye pou ijans oswa lòt swen medikal ki nesesè pou malad ki kalifye pou pwogram FAP a;
4. Idantifye founisè pwogram FAP a kouvri ak sa ki pa nan pwogram nan
5. Dekri etap lopital YNHHS yo franchi pou yo vilgarize pwogram FAP a nan kominate YNHHS ap sèvi yo; epi
6. Esplike ki mezi rekouvreman ki ka pran bòdwo New Haven Health ki pa peye yo.

## APLIKABILITE

Règleman sa a aplikab pou chak lopital ki gen lisans ki afilye ak YNHHS, pamí yo Bridgeport Hospital (“BH”), Greenwich Hospital (“GH”). Lawrence + Memorial Hospital (“LMH”), Yale New Haven Hospital (“YNHH”) ak Westerly Hospital (“WH”) (chak se yon “Lopital”). An plis, Northeast Medical Group, Visiting Nurse Association of Southeastern Connecticut, ak Home Care Plus respekte pwogram asistans finansye a.

## RÈGLEMAN

**1. Ofisyen ki Responsab la** Vis Prezidan YNHHS ki se tou direktè Finans oswa yon moun li nome pral sipèvize pwogram FAP YNHHS la.

### 2. Domèn entèvansyon ak Lis Founisè

**A. Ijans ak lòt Swen Medikal ki nesesè.** Pwogram FAP a aplikab pou swen nan sèvis ijans ak lòt swen medikal ki nesesè, pami yo gen swen nan anbilans ak nan lopital, kote se yon lopital la k ap bay bòdwo a Pwogram FAP sa pa pran an chaj: (a) chanm prive oswa sèvis yon enfimyè prive; (b) sèvis ki pa medikalman nesesè, tankou chiriji estetik; (c) lòt frè pou de komodite tankou televizyon ak telefòn, epi (d) lòt rabè oswa rediksyon nan de chaj ki pa dekri klèman nan Regleman sa a.

**B. Lis Founisè** Ou ka jwenn yon lis founisè ki bay swen nan sèvis ijans ak lòt swen medikal ki nesesè nan yon lopital isit la:

[https://www.ynhh.org/~media/files/ynhhs/forms/financial/011117/ynhh\\_fap\\_policy\\_list\\_2017.pdf](https://www.ynhh.org/~media/files/ynhhs/forms/financial/011117/ynhh_fap_policy_list_2017.pdf)

Lis la di si founisè a fè pati pwogram FAP a. Si founisè a pa nan pwogram FAP a, malad la dwe kontakte biwo founisè a pou konnen si founisè a ofri Èd finansyè epi si se wi, kisa Èd finansyè founisè a ofri a, garanti.

**C. Konfòmite avèk Iwa EMTALA a.** Si founisè a pa nan pwogram FAP a, malad la dwe kontakte biwo founisè a pou konnen si founisè a ofri Èd finansyè epi si wi, kisa Èd finansyè founisè a ofri a kouvri. Pa gen anyen nan pwogram FAP sa ki limite yon lopital nan obligasyon li genyen daprè iwa EMTALA a pou li trete yon malad ki pwoblèm medikal nan ijans.

### 3. Pwogram Èd Finansye

Gen èd finansyè ki disponib pou moun k ap viv nan peyi Etazini epi ki ranpli demann pou èd finansyè yo mande a e ki reponn a kondisyon kalifikasyon ki dekri pi ba a. Yo dwe ankouraje tout malad pou chèche tout sous èd finansyè ki disponib, pami yo de pwogram èd gouvènmantal ak prive.

Desizyon ki gen rapò ak èd finansyè yo pran selon chak moun epi sèlman selon bezwen finansyè yo. Yo pa janm pran desizyon an fonksyon laj, sèks, ras, koulè, peyi moun nan gen orijin li, eta sivil, estati sosyal oswa estati l kòm imigran, oryantasyon sosyal, idantite oswa jan moun nan esprime l seksyèlman, reliyion moun nan frekante, andikap, si l se ansyen konbatan oswa militè oswa nenpòt lòt rezon lalwa entèdi. Aplikasyon pou Demann Èd la dekri ki dokiman ki nesesè pou fè verifikasiyon sou kantite moun ki nan fanmi an ak revni li .YNHHS oswa yon lopital kapab, san yo pa oblige di poukisa, apwouve Èd finansyè andeyò chan aplikasyon Regleman sa a.

**A. Swen gratis.** Si revni fanmi an avan taks chak ane pi piti oswa egal a 250% Nivo Povrete selon Gid federal la (*gade Anèks 1 an*), Nou kapab benefisyé swen gratis (yon rabè 100% sou balans kont malad la).

- B. Swen moun nan jwenn rabè pou li** Si revni fanmi an chak ane avan taks sitiye ant 251% ak 550% nivo povrete selon Gid Federal la, nou kapab benefisyè rabè ki baze sou yon echèl mobil jan yo pale de sa nan Anèks 1 an. Pou malad ki gen asirans, rabè a ap aplike sou balans ki rete sou kont malad la aprè asirans lan oswa yon lòt moun fè peman an.
- C. Fon pou Kabann Lopital.** Ou kapab kalifye pou resevwa èd finansye ki soti nan fon pou kabann lopital, ki se de fon yo bay Lopital pou yo ka bay malad swen ki pa an mezi pou peye pou swen lopital. Yo detèmine elijibilite selon chak moun epi yo pran an kont kèk restriksyon donatè yo enpoze, epi si sa nesesè, sa fèt an fonksyon nominasyon moun ki pwopoze fon an fè. Tout malad ki ranpli demann èd finansyè yo egzije a ap antre otomatikman nan lis moun k ap benefisyè fon pou kabann lopital yo.

**D. Lòt pwogram èd finansyè ki espesifik pou yon lopital an patikilye**

- (i) **Pwogram ki rele Yale New Haven Hospital Me & My Baby (Mwen ak tibebe mwen an).** Pwogram sa a disponib pou malad ki nan lopital Yale New Haven. Li ofri sèvis sante gratis bay famm ansent, avan e pandan akouchman epi kèk swen aprè akouchman. Ou kapab kalifye si w ap viv nan Konte New Haven, si ou pa gen okenn asirans maladi epi fanmi w ap touche mwens pase 2 fwa Nivo povrete Federal la. Pou plis enfòmasyon oswa pou fè demann fòmilè aplikasyon, kontakte reprezantan nou yo nan Sant pou Fanm ki nan New Haven Hospital oswa rele nan 203-688-5470.
- (ii) **Klinik ekstèn Greenwich Hospital** la resevwa malad ki gen asirans Medicare, Medicaid oswa lòt asirans Access Health CT pwopoze, kote fanmi ki enskri ladan yo gen revni chak ane ki 4 fwa pi piti pase nivo povrete federal la. Anplisdesa, klinik la bay swen rabè bay moun ki pa kalifye pou asirans epi ki abite nan Greenwich epi ki gen revni fanmi mwens pase 4 fwa Nivo Povrete Federal la. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon aplikasyon, tanpri rele nan 203-863-3334.

- E. Endijan sou plan Medikal.** Yo ka anvizaje yon èd finansyè tou pou malad ki pa reponn a kritè yo, men ki gen bòdwo lopital yo ki depase yon kantite revni li oswa sa fanmi an posede.

#### 4. Limit sou chaj yo

Lè yon malad ranpli kondisyon yo egzije yo pou benefisyè swen a pri redui, men se pa de swen gratis, yo p ap fè l peye plis pase kantite lajan jeneralman moun ki gen asirans ki garanti swen sa yo konn peye (“AGB”).

- A. Kijan kalkil yo fèt.** YNHHS kalkile AGB a chak ane pou chak lopital kote li itilize metòd ki pote non “-gade dèyè” (retwoaktif) ki prevwa nan règlemantasyon fiskal federal yo epi ki baze sou tarif sèvis gratis Medicare genyen an, ki gen ladan l tou yon pataj kou sèvis yo ak benefisyè a Medicare ak tout lòt asirans sante prive k ap peye demann ranbousman chak lopital fè pou ane fiskal ki pase a. YNHHS ka aplike pouvantaj rabè a pou chak lopital, oswa li ka chwazi itilize pouvantaj rabè ki pi favorab pou malad YNHHS yo. Rabè AGB yo endike nan Anèks 1 an.

## 5. Aplikasyon pou Ed Finansye

**A. Kijan pou aplike.** Pou fè demann èd finansyè, ou dwe ranpli aplikasyon pou demann èd finansyè YNHHS la (“Aplikasyon”), sof nan ka ki prevwa pi ba yo. Ou kapab jwenn yon fòm aplikasyon:

- (1) Sou entènèt nan [www.vnhhs.org/financialassistance](http://www.vnhhs.org/financialassistance) ak sou sit entènèt chak lopital YNHHS.
- (2) Ou ka ale nan nenpòt lopital YNHHS ki resevwa malad oswa kote yo fè enskripsyon. Gen pano ak feyè ki gen enfòmasyon ekri sou èd finansye ki disponib nan chak sèvis ijans lopital yo epi kote yo fè enskripsyon malad.
- (3) Ou ka voye yon imèl oswa rele pou mande yon kopi gratis nan Sèvis finansye ki la pou malad yo nan (855) 547-4584.

**B. Aplikasyon.** Nan Aplikasyon an, yo dekri (i) egzijans pwogram èd finansye a ak kritè kalifikasyon yo, (ii) ki dokiman yo egzije pou konnen si w kalifye, epi (iii) nimewo moun nou ka kontakte pou jwenn èd nan pwogram FAP a. Nan Aplikasyon an, yo esplike tou pou yo di w (i) lopital ap ekri w lè 1 ap reponn chak demann, (ii) malad yo ka fè yon novo aplikasyon pou èd finansye nan kad pwogram FAP a nenpòt kilè, epi (iii) gen lòt fon ankò ki disponib pou kabann gratis chak ane. Lopital yo pa ka refize yon èd finansye nan kad FAP a paske yon moun pa kapab founi enfòmasyon oswa dokiman pwogram FAP a oswa Aplikasyon an pa egzije nan kad Demann nan.

**C. Malad ki kalifye pou pwogram FAP a.** Lopital YNHHS yo ap fè tout jefò ki rezonab pou detèmine ki moun yo kalifye epi dokimante tout detèminasyon ki montre moun nan kalifye pou li jwenn èd finansye nan kont malad ki awopriye yo. Yon fwa lopital la fin detèmine malad la kalifye pou pwogram FAP a, lopital la dwe:

- (i) Founi yon bòdwo ki di ki kantite kòb moun nan dwe kòm yon malad ki kalifye pou pwogram FAP a, epi tou ki di kijan yo te kalkile kòb la epi li dwe di oswa dekri kijan moun nan ka jwenn enfòmasyon konsènan AGB a pou swen yo;
- (ii) Ranbouse moun nan nenpòt kantite lajan li te peye pou swen ki depase kantite lajan yo detèmine pou li peye pèsonèlman kòm yon moun ki kalifye pou pwogram FAP a, sof si kantite lajan sa a depase yon montan ki mwens pase \$ 5, oswa lòt kantite lajan IRS la fikse; ak
- (iii) Pran mezi rezonab pou anile tout mezi rekouvreman ekstrawòdinè.

**D. Kalifikasyon prezime.** YNHHS ka detèmine si yon moun kalifye pou swen gratis oswa rabè dapre Règleman sa a, sou baz enfòmasyon konsènan sitiyyasyon lavi yon malad li ka jwenn apati lòt sous anplis de moun k ap mande èd finansye a; pamì yo gen sous sa yo:

- (i) Nan non chak lopital yo, YNHHS itilize yon lòt zouti pou li idantifye moun ki gen balans otopeman ki pa mande èd finansye, men ki gen yon revni ki mwens oswa egal

a 250% Nivo Povrete Federal la (*sa vle di* ki kalifye pou swen gratis). Si yo idantifye yon malad nan pwosesis sa a, yo kapab ajiste balans lopital li yo pou li ka resevwa swen charite (ki gratis);

- (ii) YNHHS afilye ak Inivèsite Yale epi li se sant sante ki la pou moun ki nan Fakilte Medsin Yale la. Malad ki pa gen asirans k ap resevwa swen de baz nan klinik etidyan Yale yo ap jere a pou moun ki gen revni ki fèb yo, ladan 1 gen klinik ki rele Haven Free Clinic, moun sa yo ka konsidere kòm de prezime kalifye pou swen gratis oswa a pri redui san y opa oblige ranpli demann èd finansye, depi YNHHS resevwa konfirmasyon an men Vis prezidan e responsab finans lan ki di moun nan se yon malad ki nan youn nan klinik sa yo;
- (iii) YNHHS ka itilize premye kritè kalifikasyon yo pou detèmine si moun nan ta kapab konsidere l ankò kòm youn ki kalifye pou jwenn swen charite nan kad Règleman sa a.

## 6. Relasyon ak pratik rekouvreman YNHHS

Yon lopital (epi tout ajans rekouvreman oswa yon lòt aktè li ta gen dèt pou li) p ap pran mezi rekouvreman ekstrawòdinè (“ECA”) avan 120 jou depi li fin soti bòdwo aprè moun nan soti nan lopital la pou swen li resevwa yo epi avan li ta fè jefò rezonab pou detèmine si yon malad oswa nenpòt lòt moun ki gen responsabilite pou yon kont otopeman (Moun responsab la) kalifye pou jwenn èd finansye nan kad FAP a. Tout mezi rekouvreman ekstrawòdinè dwe jwenn apwobasyon Vis prezidan e direktè Finans lan oswa yon moun li nome pou sa ki dwe konfime ansanm egzijans pwogram FAP yo satisfè avan li bay apwobasyon li.

Lopital la ap kontinye bay bòdwo lajan yo dwe li yo jan pwosedi operasyonèl entèn ak pratik li yo mande sa. Nan kad pwosedi ak pratik li yo, lopital la ap ekri malad la sou pwogram èd FAP li a sou dat li te pran swen yo epi pandan tout tan 1 ap ba 1 bòdwo lajan yo dwe li yo (oswa pandan peryòd lalwa egzije a, si li pi long):

1. Tout malad yo ap resevwa yon rezime nan yon langaj ki senp epi yon fòm aplikasyon demann èd finansye nan kad FAP a pandan moman 1 ap kite oswa antre nan yon lopital.
2. Omwen twa (3) deklarasyon separe pou rekouvreman kont otopeman yo ap ale jwenn malad la nan adrès li oswa imèl li oswa bay nenpòt moun ki responsab li, a kondisyon, sepandan pa gen okenn lòt deklarasyon yo dwe voye ankò aprè Moun ki Responsab la(yo) soumet yon aplikasyon konplè pou èd finansye nan kad FAP a oswa si li peye tout lajan an. Omwen 60 jou dwe pase ant premye ak dènye nan twa (3) fwa dwe voye dokiman an. Se moun ki Responsab la (yo) ki gen obligasyon pou li founi adrès postal egzat nan moman y ap resevwa sèvis la oswa nan moman y ap demenaje. Si yon kont pa gen yon adrès valid, y ap gen pou yo detèmine sa yo rele “Jefò rezonab”. Tout deklarasyon kont inik oswa kont otopeman malad la ap gen eleman sa yo, men yo p ap limite a sa yo:
  - a. Yon rezime egzat sou sèvis lopital deklarasyon an garanti;
  - b. Chaj yo pou sèvis sa yo;

- c. Montan yo egzije pou moun ki responsab la(yo) (oswa, si yo pa konn montan an, dwe gen yon estimasyon de bòn fwa ki fèt sou montan sa apati de dat premye deklarasyon an); ak
  - d. Dwe gen yon avi ekri ki byen vizib ki ale jwenn Moun ki responsab la sou èd finansye nan kad FAP a, ladan li gen nimewo telefòn depatman ak sit entènèt kote yo te jwenn kopi dokiman yo.
3. Omwen youn nan deklarasyon yo voye nan kourye lapòs oswa imèl ap gen yon avi ekri ki enfòme Moun ki responsab la (yo) sou mezi rekouvreman (ECA) ki ka pran si Responsab la pa aplike pou èd finansye nan kad FAP a oswa peye montan li dwe a nan delè ki nan bòdwo a. Yo dwe bay moun ki responsab la(yo) deklarasyon sa yo omwen 30 jou avan dat limit ki nan ekri nan deklarasyon an. Yon rezime nan yon langaj senp ap akonpaye deklarasyon sa a. Se moun ki Responsab la (yo) ki gen obligasyon pou li bay adrès postal la nan moman y ap resevwa sèvis la oswa nan moman demenajman an. Si yon kont pa gen adrès valid, y ap lanse pwosesis pou detèmine sa yo rele “Jefò rezonab” la.
4. Avan yo lanse yon pwosesis rekouvreman (ECA), dwe gen yon ti pale ki fèt pou kontakte moun ki responsab la (yo) nan telefòn nan dènye nimewo yo te genyen an, si sa posib, omwen yon fwa nan kad seri deklarasyon y ap voye nan kourye lapòs oswa nan imèl la si yo toujou pa fè peman sou kont lan. Nan moman tout konvèrsasyon yo, malad la oswa Moun ki responsab la (yo) ap jwenn enfòmasyon sou èd finansye ki ka disponib nan kad pwogram FAP a.
5. Si yo pa respekte règleman ki fikse nan Règleman sa a, yon lopital YNHHS ka lanse yon mezi rekouvreman pou li touche pou sèvis medikal li founi, jan sa endike nan Anèks 2 a.

## **7. Disponibilité Règleman la**

Kopi pwogram FAP a, yon rezime nan langaj ki senp ak aplikasyon pou pwogram FAP a disponib sou [www.ynhhs.org/financialassistance](http://www.ynhhs.org/financialassistance).

Chak lopital mete kopi pwogram FAP a disponib, yon rezime FAP a nan yon langaj senp epi yon aplikasyon pou pwogram nan sou demann, san moun nan pa peye pou sa, sa ka fè nan lapòs oswa Depatman Ijans Lopital la e nan tout pwen anrejistreman sou fòm papye an Anglè epi lang matènèl tout popilasyon ki gen kapasite limite nan pale Anglè ki gen yon kapasite pou resevwa mwens pase 1000 moun oswa 5% ou plis de popilasyon lopital la ap sèvi a. Gade nan Anèks 3 pou jwenn lis lang yo.

Kontakte Sèvis pou Biznis yo gratis nan nimewo sa (855) 547-4584 pou jwenn enfòmasyon sou kritè kalifikasyon yo oswa pwogram ki disponib pou moun yo, konsa yo ka mande yon kopi pwogram FAP a, yon rezime nan langaj senp, yon fòm aplikasyon oswa sou Règleman faktirasyon ak rekouvreman pou yo ka voye 1 ba ou nan kourye lapòs oswa nan imèl, si ou bezwen yon fòm aplikasyon ki tradui nan yon lòt lang ki pa Anglè. Anplisdesa, Malad ka kan mande pou Sèvis Anrejistreman ak Finansye, Travay Sosyal ak Jesyon ka yo pou lanse pwosesis aplikasyon pou FAP a pou li.

Lòt jefò pou vilgarize pwogram FAP a gen ladan piblikasyon avi nan jounal gran ki gran piblik; founi avi ekri sou pwogram FAP a nan bòdwo yo; founi avi sou pwogram FAP nan komunikasyon oral li genyen ak malad yo konsènan montan yo dwe; epi òganize de seyans pòt louvri ak seyans enfòmasyon.

## **8. Konfòmite avèk Lwa Eta a**

Chak lopital dwe konfòme yo ak lwa Eta a, pamì yo, san li pa limite a sa yo, ak lwa jeneral Eta Connectivut ki regle dosye prelèvman lopital yo fè sou malad ki pa gen asirans yo ak estanda nan tout Eta Rhode Island sou swen charite, jan sa dekri nan Seksyon 11.3 , Règleman ministè lasante a ki konsè sen konvèvson lopital yo (“règleman RI”) epi lwa *Estanda nan tout Eta a pou Swen moun pa Touche pou yo*, jan sa endike nan seksyon 11.4 Règleman RI a.

## **REFERANS**

Kòd Revni Entèn 501(c)(3)

Kòd Revni Entèn 501(r)

Conn. Gen. Stat. § 19a-673 et seq.

Règleman RI 11.3 ak 11.4

## **REGLEMAN KI APLIKE A SA**

Règleman sou Faktirasyon ak Rekovreman YNHHS

Règleman YNHHS EMTALA a: Triyaj Medikal/Estabilizasyon, Sou demann ak Transfè

Règleman Yale New Haven Hospital - Distribisyon Fon pou Swen Gratis NC: F-2

Règleman ak Pwosedi Klinik Ekstèn Greenwich Hospital la

## Anèks 1

### **Gid Federal sou Nivo Povrete (FPG) ak Echèle varyab pou Èd Finansye**

Detanzantan, Ministè Sante Ameriken mete montan FPG yo ajou nan Rejis Federal la Montan FPG aktyèl yo disponib nan <http://aspeAhs.gov/poverty-guidelines>.

Apati 27 janvye 2021, kantite lajan FPG yo te konsa. *Kantite lajan sa yo ka chanje*. Malad ki kalifye pou èd finansye nan kad Règleman sa a ap resevwa èd nan tout lopital Yale New Haven jan nou endike l:

	Non FAP a	Swen gratis.	Swen moun nan jwenn rabè pou li	Echèle varyab A	Echèle varyab B	Echèle varyab C
	<b>Kritè kalifikasyon</b>	<b>Malad ki gen asirans oswa ki pa gen asirans</b>	<b>Malad ki pa gen asirans</b>	<b>Malad ki gen asirans</b>	<b>Malad ki gen Asirans</b>	<b>Malad ki gen asirans</b>
	<b>Rabè nan kad pwogram FAP a</b>	<b>100%</b>	<b>69%</b>	<b>35%</b>	<b>25%</b>	<b>15%</b>
	<b>Kalifikasyon sou baz Revni avan taks</b>	<b>0% - 250% FPL</b>	<b>251% - 550% FPL</b>	<b>251% - 350% FPL</b>	<b>351% - 450% FPL</b>	<b>451% - 550% FPL</b>
<b>Gwosè fanmi an</b>	1	\$0 - \$32,200	\$32,201 - \$70,840	\$32,201 - \$45,080	\$45,081 - \$57,960	\$57,961 - \$70,840
<b>Gwosè fanmi an</b>	2	\$0 - \$43,550	\$43,551 - \$95,810	\$43,551 - \$60,970	\$60,971 - \$78,390	\$78,391 - \$95,810
<b>Gwosè fanmi an</b>	3	\$0 - \$54,900	\$54,901 - \$120,780	\$54,901 - \$76,860	\$76,861 - \$98,820	\$98,821 - \$120,780
<b>Gwosè fanmi an</b>	4	\$0 - \$62,250	\$66,251 - \$145,750	\$65,251 - \$92,750	\$92,751 - \$119,250	\$119,251 - \$145,750
<b>Gwosè fanmi an</b>	5	\$0 - \$77,600	\$77,601 - \$170,720	\$77,601 - \$108,640	\$108,641 - \$139,680	\$139,681 - \$170,720
<b>Gwosè fanmi an</b>	6	\$0 - \$88,950	\$88,951 - \$195,690	\$88,951 - \$124,530	\$124,531 - \$160,110	\$160,111 - \$195,690

### **Kalkil AGB a**

Pousantaj AGB yo kalkile chak ane. AGB (% nan chaj) pou ane sivil 2021 an pou chak lopital yo se: BH 32.6%, GH 34.8%, LMH 37.7%, YNHH 34.6% ak WH 30.1%. An konsekans, pousantaj rabè ki pi favorab pou malad YNHHS ki kalifye pou swen a pri redui yo selon Regleman sa pou ane 2021 ab ta dwe peye pa plis pase 30% nan chaj brit yo.

## **Anèks 2**

### **MEZI REKOUVREMAN EKSTRAWÒDINÈ**

#### **Dwa retansyon pou Pwopriyete a**

Yo admèt Dwa retansyon sou rezidans pèsonèl sèlman si:

- a) Malad la te gen posibilité pou li aplike pou fon pou kabann gratis yo oswa li pa rive reponn, refize oswa yo jije li pa kalifye pou fon sa a;
- b) Malad la pa aplike oswa li pa kalifye lòt èd finansye d'apre Règleman Èd finansye lopital la, pou ede li peye dèt li, oswa li kalifye, an pati, men li pa peye pati pa l la;
- c) Malad la pa tante fè oswa dakò fè yon aranjman, oswa li pa respekte aranjman ki fèt pou peman an ant lopital la ak malad la;
- d) Balans total kont lan piplis pase \$10,000 epi Kay moun nan posede ki dwe konsidere pou dwa retansyon an gen yon valè ki estime a omwen \$300,000 aprè evalyasyon; epi
- e) Dwa retansyon sa ap anpeche yo rive nan sezi rezidans pèsonèl moun nan posede.

### **Anèks 3**

#### **Konpetans Limite nan Lang Anglè**

Albanyen
Arab
Chinwa Senplifye
Fransè
Kreyòl fransè (Kreyòl ayisyen)
Alman
Grèk
Enndi
Italyen
Japonè
Koreyen
Pachto
Dari Pèsan
Fasi Pèsan
Polonè
Pòtigè
Kreyòl Pòtigè (Kap Vèd)
Ris
Panyòl
Swahili
Tagalog
Tigrinya
Tik
Vyetnamyen